STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 15 mas 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN REKONSTWIKSYON ASFALTAJ NAN OCEAN PARKWAY LONG ISLAND

Rekonstwiksyon Long Island Highway nan Kalandriye pou Reyalizasyon anvan Jounen Memoryal la

Manm Komisyon State DOT and Parks yo Endike Pwogrè ki Fèt sou Rekonstwiksyon Parkway Sand Dunes and Robert Moses State Park Traffic Circle ki Domaje nan Sipè-Ouragan Sandy. Rekonstwiksyon an ap Koute $32,2 Milyon Dola.

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwojè k ap koute $32,2 milyon dola pou rebati Ocean Parkway nan Long Island rive nan yon pwen enpòtan semèn sa a avèk kòmansman rekonstwiksyon asfaltaj la sèlman kat (4) mwa apre Sipè-Ouragan te fè anpil dega nan wout devan lanmè a ak anpil distans mil ki toutolon li.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Ocean Parkway ak koneksyon li yo nan Robert Moses State Park enpòtan pou kalite lavi ak byennèt ekonomik Long. Ajans lokal, ajans eta ak ajans federal yo te travay anpil nan tèt ansanm pou repare domaj Sipè-Ouragan Sandy te lakòz nan Parkway, epi mwen kontan pou fè konnen nou sou chemen ak nan limit bidjè a pou fini pwojè sa a anvan Jounen Memoryal la.”

Manm Komisyon Depatman Transpò Eta, Joan McDonald, ak Manm Komisyon Biwo Konsèvasyon Pak, Lwazi ak Espas Istorik (OPRHP), Rose Harvey, te vizite pwojè a jodi a, ki gen ladan ranplasman yon distans de mil Ocean Parkway ki te detwi toupre Gilgo Beach ak rekonstwiksyon liy ki domaje nan sikilasyon machin yo nan Robert Moses State Park. Pwojè a ap ranplase tou yon distans senk mil din sab pwoteksyon ki te ale nan ouragan an epi ki plen vejetasyon endijèn toutolon din yo.

Manm Komisyon Depatman Transpò, Joan McDonald, di konsa, “Gouvènè Cuomo te mande yon repons rapid pou domaj nan otowout sa a, epi ajans patnè nou yo ak antreprenè pwojè a ap fè li vin yon reyalite. Ocean Parkway sipòte prèske 10 milyon vizitè chak ane nan plaj ak nan pak ki toutolon litoral sid Long Island. Nou fè yon apwòch jeneral pou rebati wout la ak din sab yo pou pwoteje li, pou asire Parkway pare pou touris nan sezon lete a, epitou pou asire non diminye domaj yo nèt pidevan.”

Manm Komisyon State Parks, Rose Harvey, di konsa, “Mwen gen anpil rekonesans pou Gouvènè Cuomo ak patnè mwen yo pou rapidite yo nan reparasyon Ocean Parkway ak nan rekonstwiksyon din ki pwoteje bèl litoral Long Island pou Nouyòkè yo kapab jwi plaj yo pou sezon lete sa a.”

Manm Komisyon Depatman Eta a pou Pwoteksyon Anviwònman, Joseph Martens, di konsa, “DEC pral kontinye travay avèk ajans federal ak ajans eta yo pou jwenn kantite sab ki nesesè pou pwojè rekonstwiksyon ak alimantasyon plaj yo toupatou nan Long Island. Alimantasyon plaj yo se yon etap ki enpòtan pou pwoteje Long Island pandan evènman ouragan pidevan yo, epi pwojè rapid sa a ap fè sa senpleman.”

Pwojè konstwiksyon an ap fèt nan yon kolaborasyon twa (3) antreprenè ki baze nan New York, John P. Picone, Bove Industries, ak Tully Construction. Pwojè a ap kowòdone pami dis (10) diferan ajans ak administrasyon federal ak eta.

Manm Kongrè Tim Bishop di konsa, “Enfrastrikti enpòtan toupatou nan Long Island te devaste nan Sipè-Ouragan Sandy, epi reyabilitasyon Ocean Parkway se yon bon premye etap nan pwosesis long pou rebati kominote nou yo. Rekonstwiksyon nan domaj ki fèt depi nan Long Beach pou rive nan Montauk Point epi mete defans pi slid kont ouragan pidevan yo ap bezwen yon angajman dirab ak kowòdinasyon san rete pami tout nivo gouvènman an.”

Senatè Eta New York Charles J. Fuschillo, Jr., Prezidan Komite Transpò Sena a, di konsa, “Ocean Parkway se yon wout ki enpòtan epi itil anpil ki mennen sitwayen yo ak vizitè yo nan bèl litoral rivaj Long Island. Finisman reparasyon sa a ak pwojè reyabilitasyon an anvan Jounen Memoryal la ap asire plaj ak pak ki toutolon Ocean Parkway ap kapab sèvi anpil milyon moun ki itilize yo chak sezon lete. Mwen di tout moun ki patisipe nan pwojè sa a mèsi pou travay di yo pou asire pwojè a fini alè ak nan limit bidjè a.”

Manm Asanble David G. McDonough di konsa, “Mwen ta renmen bat bravo pou Gouvènè Cuomo, Depatman Transpò Eta New York, Biwo Pak ak Lwazi ak Pwoteksyon Anviwònman pou aksyon rapid yo fè nan repare wout sa a, ki te pran domaj grav nan Sipè-Ouragan Sandy. Ocean Parkway bay aksè ki nesesè nan premye plaj Long Island yo.”

Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, di konsa, “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li alatèt ak kowòdone repons rapid nan rekonstwiksyon ak reyabilitasyon ki nesesè sou Ocean Parkway. Ocean Parkway bay yon antre nan plaj Long Island yo, ki enpòtan anpil pou lavi ekonomik Konte Suffolk. Reyalizasyon pwojè a ki pwograme a pral sèvi kòm yon bon nouvèl pou biznis ki depannde touris sezon lete ak sitwayen ki renmen plaj yo pandan tout ane a.”

Egzekitif Konte Nassau, Edward P. Mangano, di konsa, “Mwen bat bravo pou efò Gouvènè Cuomo ak tout moun ki patisipe nan repons rapid yo nan wout sa a ki trè enpòtan ki afekte non sèlman kalite lavi nou men tou pou anpil moun k ap travay nan pwojè a. N ap kontinye travay ansanm pou wè gwo pwogrè k ap fèt pandan n ap reprann aktivite nou apre Sipè-Ouragan Sandy.”

Haitian Creole

Direktè Egzekitif Long Island Contractors' Association, Marc Herbst, di konsa, "Nou kontan pou fè yon sèl avèk McDonald ak ofisyèl eta a pou rekonèt reyabilitasyon Ocean Parkway pwograme pou sezon lete a, sa ki montre aklè kouraj LICA manm Bove Industries, Inc. ak Tully Construction Co., Inc., ak tout metye konstwiksyon Long Island. Non sèlman gwo pwogrè sa a montre aklè devouman yo anba move kondisyon yo, men tou preparasyon travayè endistri nou an ak ekipman yo pou fè djòb la."

Ocean Parkway se yon otowout ki mezire 15,5 mil ki bay aksè pou vwayaj epi ki konekte piblik la avèk anpil kominote lwazi ak rezidansyèl popilè sou rivaj sid Long Island. Sipè-Ouragan Sandy te lakòz domaj ki pa t janm fèt anvan nan wout la ak nan din pwoteksyon yo, sa ki te fèmen wout la nèt pandan prèske yon mwa. Depatman Transpò Eta New York (NYSDOT) te fè travay ijan an pou re-louvri wout la avèk restriksyon sou liy ak sou vitès nan dat 24 novanm.

NYSDOT, Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Espas Istorik Eta New York ak Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta New York ap kolabore avèk Administrasyon Otowout Federal ak U.S. Army Corps of Engineers sou pwojè reparasyon an.

Pwojè a mande sou-antreprenè Norfolk Dredging, ki nan Virginia, pou pase 800.000 yad kib sab nan tiyo depi Fire Island Inlet, prèske yon distans twa (3) mil pou rive nan rivaj la, kote kamyon yo ap pote li pou rekonstwi din sab yo. Kantite sab sa a ase pou plen yon teren foutbòl ki gen 38 etaj. Dragaj la te kòmanse nan dat 8 fevriye, epi anpil nan din yo te rebati.

Rekonstwiksyon Ocean Parkway te kòmanse semèn sa a, ki gen ladan ranplasman yon distans de mil sifas wout an beton.

Administrasyon Federal Otowout ap finanse pifò reparasyon an ak reyabilitasyon travay la avèk Pwogram Sekou pou Ijans li.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418